

Ku Topp Sa Bànneex, Góób Sa Naqar

Binta: Xaaral nak ma woo Usman, nàmm naa ko torop.

[Am na kuy fègg ci bunt bi]

Usman: Ee Binet!

Binta: Ki kan la!

Usman: Lu bees yow? *Ça va?*

Binta: Yow laa doon woo!

Usman: Aa! Boobu defe naa maa ngi ci yoon wi.

Binta: Danga ka sentir, xanaa?

Usman: Waaw, gis nga.

Binta: Alors nak...

Usman: Sant nii.

Binta: *Ça va?*

Usman: Naka *journée* bi?

Binta: Aa, neex na fí mu tollu nii, comme yow egxi nga!

Usman: Déggal, déggal, bàyyil tooñ... Naka itte yi? *Ça va?* *Ça va bien?*

Binta: *Ça va bien.* Sant Yàlla bu baax sax.

Usman: Man, damay ñów génnaat nii *rapidement quoi!*

Binta: Aa ñów génnaat! Kañ nga fí daan ñów génnaat, yow tam it?

Usman: Waaw, nu mu demee la rekk. Dafa am lu xew *quoi*. Loo xamante ne...

Binta: Jàmm?

Usman: Waaw, jàmm la, *mais* jàmm ju metti sax, jàmm ju ma naqare, jàmm joo xamante ne
génalu ma daal. Su ma sañoon, du deme noonu.

- Binta:** Jàmm ju metti!
- Usman:** May bañ tam it, xam nga, nga.. dégg feneen, man ma di ci am *tort quoi*. Moo tax ma ne, xaaral ma daw nu mu gën a gaawe, ma ñów *expliquer* la daal.
C'est que, sama nijaay dafa maa woo sàñq, mu ne...
- Binta:** Waaw, looy noppi? Li ngay wax danga ka ragal xanaa?
 Doo wax li ngay wax yow tam it! Man, yaa ngi may tiital de!
- Usman:** Non! Dafa ne, dafa ma may soxna *quoi*.
- Binta:** Lan? Dafa la may lan? Dégguma de!
- Usman:** Doomam la ma may. Te xam nga sama nijaay la.
- Binta:** Yow sa nijaay dafa la may jabar. Keneen ku dul man?
 Aa, déédéét! Loolu mënta nekk. Yow nga am keneen jabar ku dul man, Usman?
- Usman:** Lu am nii gënalu ma. Man, sama nijaay...
- Binta:** *Mais* may ma! Waxoo dëgg! Dangay fen. Lii bu amee de, yow la neex.
 Usman yaay baadoolo! Yaay jaam! Yow, fi ma jaar ak yow, ak li ma la defal!
 Aa déédéét! Déédéét, lii mënta nekk, yow li ma la defal yépp, fi ma jaar ak yow! Mënoo ma def lii waay! Du dëgg! Lii du dëgg waay, dangay wax rekk. Du dëgg.
- Usman:** Waaw, *mais* doo déglu ma *expliquer* la!
- Binta:** Amoo loo may *expliquer* bi nga defee say jëf ju bon ba pare.
 Abal ma si biti! Yow baaxoo guddi, baaxoo bëccëg. Jaroo sax xam!
 Yow yaa bon, yaa yéés!
- Usman:** Danga may dàq?
- Binta:** Yow, xaj nga, si biti! Yow, dàq la sax dagan na. Yow, yaa bon. Yow fi ma jaar ak yow...
- Usman:** *Bon!* Man, dama ñówoon pour *expliquer* la ko.

Binta: Xamm, laa wax! Si biti! Kii moo bon. Kii mooy xaj!
Eey waay, sama àdduna yàqu na.
Sama àdduna yàqu na waay!

[Am na kuy fëgg ci bunt bi]

Aysatu: Waaw, kér gi moom, xanaa kenn nekku fi?
Salaam, mo! Ndey Binta!

Binta: Kii moo baadoolo! Kii mooy xaj!

Aysatu: Waay yow, lu xew?

Binta: Baadoolo la! Baadoolo la!

Aysatu: Kan moo baadoolo foofu? Ee Ndey Binta gaawe ma. Yaa ngi may tiital! Lu xew?
Yow tam it Ndey Binta, waxal!

Binta: Aysatu, Usman tàkk na jabar!

Aysatu: Yow, puus ma nii. Yow, yaay ñàkk jom, turkijam! Yow, lii bu la dalul woon rekk ma rus.
Bu la dalul woon, ma xam ne waa Jalo yi lu ñu raxasoo maa kay naan.

Yow! Usman a tàkk jabar, moo tax nga nekk fii naan dangay jooy di dëjaatu.
Yow, yaa rusloo say mbokk.

Billaahi yaa ma rusloo. Yow lii, dara waru la seebett. Dama bëgg nga wàcce sa loxo.
Xam nga ne yow, bés bii, mënoon nga ko sóór.

Yow yaak Usman, fu nekk, fu waay *tourner*, gis leen ci dëkk bi.
Nga daas sa tank rekk, ne ayca! Fi mu ne ayca rekk, nga ne ayca.
Yow, xamoon nga ne Usman buy tàkk, ñiy toog seen peggi ndey, ñooñu lay tàkk, waaye
du tàkk ñi nga xamante ne foo tourner gis leen.

Binta: *Mais Usman, su ma bonee, moo ma yàq. Moo may génne ci mbedd yi.*

- Aysatu:** Booba dafay fekk mu neex la. Du yaa teye sa ñàkk fayida rekk làng ak Usman naan damay *happy*, damay *fly-to-fly!* Mu ngi nii nak! Yow, bés bii, xam nga ne waru la woon a bétt!
- Yow, yaa gëna xam ne: “ku topp sa bànnex, góób sa naqar”.
- Góób nga sa naqar nak. Mu ngi nii, jarul ngay jooy.
- Dara looy jooy amu fi. Yow mii ñàkk jom. Su ma xamoon ne lii ngay jooy, nekk fii di dëjaatu, duma fii sax ñów. Yow, billaahi, yaa yéés!
- Binta:** Waaye, Usman moom, man ak moom du yombe nii. Tank ci suuf, jaan ci suuf! Yàgg-yàgg, dinañu daje. *Mariage-am* moom du ci bég!